



Pou Piblikasyon Imedya: 05/03/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NOUVO DONE YO SOULIYE ENPÒTANS PLAN GOUVÈNÈ HOCHUL LA POU
OFRI SÈVIS GADRI TIMOUN INIVÈSÈL NAN TOUT ETA A POU PLIZYÈ MILYON
FANMI NAN NOUYÒK**

***Gadri timoun abòdab se yon zouti fondamantal nan lit pou kreye yon Nouyòk ki
pi abòdab e pwospè pou fanmi k ap travay yo***

***Pwopozisyon Gouvènè a se yon benefis doub pou fanmi yo: Bay swen fyab
tout pandan y ap sipòte efò ekonomik ak abòdab yo***

Gouvènè Kathy Hochul te souliye enpòtans plan li a pou bay gadri inivèsèl pou timoun ki poko gen senk an atravè eta a, li te mete aksan sou lyen ki genyen ant gadri inivèsèl ak abòdab ak yon eta ki pi abòdab e pwospè. Prezidan Women in Need (Women in Need, Win) Christine Quinn te vin jwenn Gouvènè Hochul pou rankontre ak fanmi ki pa gen kay pou diskite sou difikilte pou jwenn opsyon gadri abòdab, epi kijan gadri inivèsèl ta soulaje yon fado finansye enpòtan pou fanmi sa yo ak lòt moun nan tout eta a.

"Administrasyon mwen an konsantre nèt sou fè lavi pi abòdab e pi vivab pou Nouyòkè yo — e se poutèt sa elaji aksè ak gadri abòdab te yon pi gwo priyorite mwen depi premye jou a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pou twòp fanmi tout kalite, depans masif pou gadri timoun kreye yon fado ensepaparab sou bidjè mansyèl yo. Gadri timoun inivèsèl bay tout fanmi chans pou yo reyisi — kèlkeswa sitiyasyon revni yo oswa katye yo. Chak Nouyòkè merite yon twati anlè tèt yo, yon repa sou tab yo, ak yon kote ki an sekirite pou elve pitit yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Win, Christine C. Quinn, te deklare, "Reyalize yon gadri timoun inivèsèl pou fanmi ki pi vilnerab nou yo enpòtan anpil pou rezoud kriz moun sanzabri san parèy nan Nouyòk la. Nou konnen paran yo pa ka pran swen tèt yo ak fanmi yo si yo pa ka al travay, epi yo pa ka al travay si yo pa gen aksè ak gadri ki an sekirite, ki fyab, epi abòdab. Jodi a, gen plis timoun k ap dòmi nanabri pou sanzabri nan Vil Nouyòk pase plas ki genyen nan Yankee Stadium epi 3,600 timoun k ap dòmi nanabri Win chak swa — sa se yon trajedi. Nou pibliye rapò sa a pou nou devwale reyalyte devastatè a ke gadri timoun ki pa aksesib se yon faktè kle nan enstabilite lojman pou paran k ap viv nanabri yo. Okenn paran pa ta dwe oblije chwazi ant pran swen pitit li ak touche yon chèk."

Gen yon lyen klè ant enstabilite ekonomik ak mank gadri aksesib e abòdab. Selon done Win pibliye jodi a, 78 pousan nan moun ki te patisipe nan sondaj la — Nouyòkè k ap viv nan etablisman Win yo, espesyalman fanmi ki gen timoun — te fè fas ak youn oubyen plizyè kalite pwoblèm nan travay akòz difikilte pou jwenn aksè ak gadri. Sa gen ladan l pèdi yon travay, refize yon pwomosyon, oubyen diminye lè travay.

Done sa yo souliye enpòtans investisman san parèy Gouvènè a pou bay sèvis gadri inivèsèl ak abòdab pou timoun ki poko gen senk an nan tout Eta Nouyòk.

Nan kòmansman semèn sa a, Gouvènè Hochul te rejwen Majistra Mamdani pou anonse yon gwo pa nan plan yo pou bay gadri gratis pou timoun dezan nan Vil Nouyòk. [Reyalizasyon enpòtan](#) sa a te vin posib grasa investisman istorik 1.2 milya dola Gouvènè a pou sipòte efò gadri ak edikasyon timoun piti nan Vil Nouyòk, ki gen ladan yon alokasyon enpòtan 73 milyon dola pou etabli premye 2,000 plas 2-K nan vil la. Anplis angajman Eta a ki deja egziste pou ranfòse enfrastrikti 3K Vil la pou sèvi tout fanmi atravè vil la. Avèk sipò kontinyèl Eta a, investisman Eta a nan 2K espere ogmante rive nan 425 milyon dola nan ane k ap vini an.

Prezidan minisipalite Manhattan, Brad Hoylman-Sigal, te deklare, "Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Majistra Mamdani, ak Christine Quinn paske yo te mete aksan sou koneksyon klè ki genyen ant aksè ak gadri ak fanmi ki sanzabri. Rapò Win nan montre aklè ke lè paran yo pa ka jwenn oswa pa gen mwayen pou peye yon gadri timoun ki fyab, li vin pi difisil pou yo kenbe yon travay, mentni establiite, epi fè fanmi yo kiteabri. Nan Manhattan, kote swen tibebe ka koute ant 25,000 ak 30,000 dola pa ane, presyon sa yo patikilyèman grav. Lidèchip Gouvènè Hochul la ak angajman li pou elaji aksè ak gadri pral fè yon vrè diferans pou fanmi k ap travay yo epi ede plis paran jwenn establiite pitit yo merite a."

Plan Gouvènè a pou tout eta a gen ladan l tou:

Aksè kontinyèl ak Pwogram Asistans Gadri ki pa chè e abòdab

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Nouyòk plis pase double investisman nan Pwogram Asistans Gadri (Child Care Assistance Program, CCAP) eta a, ki bay sibvansyon pou ede fanmi ki gen ti revni jwenn aksè ak gadri. Lè yo ogmante investisman Eta a nan pwogram nan anpil, pandan y ap ogmante kalifikasyon an, pwogram nan kounye a sipòte 2.5 fwa plis timoun — yon 100,000 anplis — pase lè Gouvènè Hochul te antre an fonksyon an; kantite timoun ki resevwa sèvis yo ogmante prèske 25 pousan nan ane ki sot pase a sèlman. Pifò nan fanmi 170,000 timoun pwogram nan sèvi yo pa peye plis pase 15 dola pa semèn pou gadri.

Ane sa a, Gouvènè Hochul pral kontinye ogmante investisman Eta a nan sibvansyon gadri pou moun ki pi bezwen li yo ak yon ogmantasyon investisman 1.2 milya dola, sa ki fè total ki disponib pou sibvansyon yo rive plis pase 3 milya dola. Sa a plis pase 3.5 fwa plis pase 832 milyon dola yo te bay anvan Gouvènè a te antre an fonksyon, epi yon ogmantasyon prèske 40 pousan parapò ak sa ki te disponib nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2026 la.

Reyalize yon Pre-K ki vrèman inivèsèl

Pandan ke timoun kat ane nan kèk pati nan Nouyòk gen aksè ak Pre-K depi lontan, gen plizyè douzèn distri lekòl ki pa ko kapab rann li disponib. Gouvènè Hochul ap bay plis sipò pou asire yon Pre-K ki vrèman inivèsèl pou tout timoun katran nan Eta a nan kòmansman ane lekòl 2028-2029 la.

Eta a pa pral sèlman finanse plas adisyonèl pou reyalize inivèsalite a, men li pral ogmante finansman pou plas ki deja egziste yo tou, pou yo rive nan pi gwo a ant 10,000 dola ak èd fondasyon aktyèl distri lekòl ki aplikab la chwazi pou chak elèv, pou distri yo ka gen sa yo bezwen pou bay yon Pre-K ki gen bon jan kalite. Konbinezon sa a reflekte yon angajman apeprè yon demi milya dola epi li pral asire ke chak timoun nan Eta Nouyòk pare pou yo aprann lè yo antre nan jadendanfan.

Lansman Nouvo Pwogram Pilòt Inovan ak Konte yo nan tout Eta a

An 2026, Gouvènè Hochul te lanse yon nouvo pwogram pilòt Eta a an patenarya avèk Konte Dutchess, Konte Monroe ak Konte Broome pou ede konte yo ofri plis opsyon gadri nan kominote pa yo. Pwogram pilòt sa a gen ladan l yon total 60 milyon dola nan finansman Eta anplis nouvo investisman ki soti nan chak nan twa konte yo. Investisman sa yo pral ede konte sa yo elaji aksè ak gadri, patikilyèman konsantre sou sèvi timoun ki gen ant 0 ak 3 zan atravè gadri pandan tout ane a, tout jounen an pou plizyè milye fanmi atravè kominote sa yo, kèlkeswa revni yo.

Biwo Swen Timoun ak Edikasyon Premye Laj

Yon nouvo Biwo Swen Timoun ak Edikasyon Premye Laj pral kondwi aplikasyon yon gadri inivèsèl ki gen kalite siperyè nan Eta Nouyòk. Biwo a pral sipèvizè epi sipòte deplwaman Pre-K inivèsèl la, investisman kontinyèl nan 3K, lansman 2-Care ak lòt opsyon swen inovan, ekspansyon ak amelyorasyon bon yo, ak sipò kontinyèl pou mendèv la.

Sipòte mendèv la atravè preparasyon edikasyon timoun piti

Plan Gouvènè Hochul la pou ranfòse mendèv edikasyon timoun piti nan Nouyòk la gen ladan l elaji bous detid ki deja egziste pou mendèv yo, chèche opòtinite pou nouvo sibvansyon Workforce Pell, epi bay SUNY ak CUNY enstriksyon pou yo pran yon seri mezi pou elaji ak senplifye pwogram edikasyon pou timoun piti yo.

Administrasyon Gouvènè Hochul la te konsantre nèt sou reyalize yon gadri timoun abòdab pou tout fanmi yo nan Nouyòk. Espesyalman, Eta a deja akonpli:

Plis pase double kantite timoun ki resevwa sèvis grasa bon gadri nan jis katran, ak yon ogmantasyon prèske 25 pousan nan 12 dènye mwa yo sèlman.

Bay plis pase 8.6 milya dola pou gadri timoun, ki gen ladan plis pase double finansman pou sibvansyon yo.

Ogmante kantite fanmi ki kalifye anpil lè yo ogmante revni maksimòm nan soti nan 200 pousan nan nivo povrete federal la (apeprè 64,000 dola pou yon fanmi ki gen kat moun)

pou rive nan nivo maksimòm lalwa federal la pèmèt la — 85 pousan nan revni mwayen nan tout Eta a (apeprè 114,000 dola pou yon fanmi ki gen kat moun).

Diminye kantite lajan moun k ap resevwa sibvansyon yo peye a, lè nou te limite depans yo a 15 dola pa semèn pou pifò fanmi yo.

Ogmante pousantaj ranbousman pou founisè yo prèske 50 pousan, pou ede founisè yo kenbe anplwaye yo epi bay swen kalite siperyè pou timoun atravè eta a.

Sipòte kreyasyon plizyè milye plas gadri ak nouvo sant alavni grasa plis pase 150 milyon dola nan finansman kapital.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)